



Pou Piblikasyon Imedya: 12/29/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOGRAM PADON PRÈ GET ON YOUR FEET AP KÒMANSE AKSEPTE APLIKASYON NAN DAT 31 DESANM

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Eta New York ap kòmanse aksepte aplikasyon pou nouvo Pwogram Padon Prè 'Get On Your Feet' nan dat 31 desanm. Premye anonse nan kad Ajanda Opòinite 2015 Gouvènè Cuomo a, pwogram lan ofri jiska 24 mwa soulajman nan prè federal etidyan pou resan diplome yo kap viv nan Eta.

"Asire ke etidyan yo anmezi pou peye pou kolèj e yo pa atriste avèk dèt pou alafwa siksè endividyèl yo ak kwasans ekonomik kontinyèl Eta New York," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Avèk pwogram sa, nap di resan diplome yo: si w envesti nan avni New York, nap envesti nan oumenm."

Etid te pwouve an plizyè fwa ke ede etidyan yo peye pou kolèj yo enpòtan pou asire siksè yo apre gradyasyon. Etidyan yo ki diplome san dèt gen plis chans pou kòmanse yon ti biznis oswa pou achte yon kay, e konsekans pou manke sou peman prè etidyan ka anpeche yon moun pou pa janm reyalize objektif yo. Pwogram sa ofri èd la pou konplete repeman prè federal [Pay As You Earn](#) epi pèmèt diplome kolèj ki kalifye yo kap viv nan Eta New York pou yo pa peye anyen sou prè etidyan yo pou premye dezan apre ke yo soti lekòl.

Pou kalifye, aplikan yo dwe genyen yon diplom katran ki soti nan yon kolèj oswa inivèsite ki lokalize nan Eta New York nan oswa apre mwa desanm 2014, gen yon revni brit ajiste ki mwens pase \$50,000, ak pou yo enskri nan Revni federal ki baze sou Plan Repeman oswa Plan Peye pandan wap touche. Benefisyè yo ap gen yon maksimòm 24 peman, egal a a kantite lajan repeman prè etidyan, ki te peye nan non yo. Yap aksepte aplikasyon pandan tout ane a.

Deja, plis pase 2,500 diplome ki soti nan klas 2015 te anrejistre pou apike pou pwogram

Ian atravè Sèvis Kòporasyon Edikasyon Siperyè Eta New York. Lè fin byen enplemante nan 2020, yo prevwa plis pase 24,000 resan diplome ap patisipe.

Prezidan Asanble Etidyan SUNY ak Etidyan Binghamton University Thomas Mastro te deklare, "Pwogram Padon prè 'Get on Your Feet' asire ke diplome SUNY yo gen tan pou yo enstale nan karyè Eta New York anvan ke yo pran chaj finansye pou fè pèman prè etidyan yo. Asanble Etidyan SUNY fyè pou l kanpe dèyè pwogram inovè sa e nou ankouraje tout etidyan ki kalifye yo pou aplike lè yo elijib."

Pou w aprann plis oswa aplike, vizite hesc.ny.gov/GetOnYourFeet.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418